



Demann pou Repons

Depatman Lapèch ak Pwoteksyon Lachas (DFG)

Sibvansyon pou Biyodivèsite Kominotè pou Ane Fiskal 2027

<https://www.mass.gov/how-to/massachusetts-community-biodiversity-grants>

NIMEWO ÒF COMMBUYS: BD-26-1046-COM-COM1-129396

DAT LIMIT POU APLIKE: 24 JEN 2026, A 11:59 PM

1. REZIME OPÒTINITE SIBVANSYON AN

- A. **APÈSI AK OBJEKTIF:** Pwogram Sibvansyon pou Biyodivèsite Kominotè a fèt pou sipòte [Objektif Biyodivèsite Massachusetts yo](#), dapre [Dekrè Egzekitif 618 la: Konsèvasyon biyodivèsite nan Massachusetts](#). Depatman Lapèch ak Lachas ("DFG" oswa "Depatman an") ap chèche pwopozisyon sibvansyon nan men antite piblik ak antite prive, tankou minisipalite, ajans eta, òganizasyon ki pa la pou fè pwofi, gouvènman tribi, mize, oswa enstitisyon akademik pou pwojè ki sipòte aplikasyon Objektif sa yo, tankou evalyasyon biyodivèsite debaz ak pwojè ki sipòte konsèvasyon, restorasyon, sansibilizasyon, oswa edikasyon biyodivèsite nan Massachusetts. Sibvansyon sa a vize pwojè oswa faz pwojè ki dwe fini anvan 30 jen 2027.

Massachusetts rekonèt biyodivèsite, ak ekosistèm ki an sante, sipòte fason nou viv epi ede fè eta nou an yon bon kote pou nou viv. Pwojè ki pi piti yo sipòte objektif ki pi laj, epi konsa, yon aksyon kle anba Objektif Biyodivèsite yo se sipòte pwojè biyodivèsite ki baze sou kominote a.

Pwojè ki kalifye yo ap tonbe anba youn oswa plizyè nan [Objektif Biyodivèsite yo ki se Pwoteje, Retabli, Soutni, epi Konekte](#). Tip pwojè ki kalifye yo gen ladan, men se pa sa sèlman, evalyasyon biyodivèsite ansanm ak planifikasyon ak aplikasyon ki gen rapò ak sa (pa egzanp, sondaj sou espès maren ki gen rapò ak pwoteksyon ak restorasyon; sondaj ak sètifikasyon mare sezon prentan yo); pwojè ki gen rapò ak syèl nwa pou diminye polisyon limyè nan zòn ki enpòtan pou biyodivèsite; konsepsyon ak enstalasyon jaden oswa forè pou polinizatè (pa egzanp, achte grenn, enstalasyon estasyon awozaj) ansanm ak pano edikatif ki asosye ak yo; konsepsyon, planifikasyon, pèmi, ak aplikasyon pwojè ti echèl pou amelyore oswa restore abita natirèl yo; ansanm ak zouti edikatif ak ekspozisyon mize ki santre sou biyodivèsite Massachusetts. Pwojè ki ap jwenn pi gwo nòt yo ap montre ni yon avantaj pou biyodivèsite, ni yon gwo eleman angajman kominotè. Pwojè yo dwe gen yon avantaj piblik.

Anba la a, gen kèk lòt egzanp – gen anpil fason òganizasyon w lan ka sipòte objektif sa yo!

- **PWOTEJE**—idantifye epi pwoteje biyodivèsite lokal la atravè sondaj sou divèsite biyolojik, ki gen ladan ekipman sondaj inovatè, ak kreyasyon espas biyodivèsite.
 - **RESTORE** —restore abita yo atravè restorasyon ekolojik, ekipman pou netwaye fatra ak materyèl lapèch abandone, plantasyon plant natif natal, planifikasyon ak aplikasyon ekleraj ekstèn ki diminye polisyon limyè, ansanm ak lòt pwojè.
 - **SOUTNI**—sipòte restorasyon tradisyon alimantè lokal yo, tankou plantasyon ak ekipman ki nesèsè pou soutni don manje sovaj ki rekòlte nan Massachusetts.
 - **KONEKTE**—sipòte pwojè ki ankouraje lanati nan chak katye, tankou miray sou biyodivèsite ak pwojè atizay kominotè, ekspozisyon mize, materyèl edikatif, efò volontarya ak syans patisipatif, ansanm ak lòt zouti edikatif, longvi ak liv obsèvasyon zwazo nan bibliyotèk yo.
- B. PWOPOZISYON YO MANDE POU:** DFG pral bay sibvansyon ant \$20,000 ak \$150,000 bay òganizasyon ki kalifye yo pou fè pwogrè nan Objektif Biyodivèsite Massachusetts yo.
- C. APLIKAN KI KALIFYE:** Aplikan ki kalifye pou opòtinite sibvansyon sa a gen ladan antite piblik ak prive, tankou minisipalite, ajans eta, òganizasyon san bi likratif (501(c)(3)), gouvènman tribi, mize, oswa enstitisyon akademik.
- D. DAT LIMIT POU APLIKASYON:** Sibvansyon sa a se pou pwojè oswa faz pwojè ki dwe fini nan dat oswa anvan 30 jen 2027 (Ane Fiskal 2027). Dat limit pou aplikasyon yo se mèkredi 24 jen 2026, a 11:59 PM.
- E. DISPONIBILITE FINANSMAN:** Pou kounye a, gen yon total jiska \$1.25 milyon dola finansman ki disponib pou ane fiskal 2027 la, dapre desizyon Komisè a. Demann sibvansyon yo dwe ant \$20,000 ak \$150,000. Pwojè a kòmanse nan dat ekzekisyon konplè sibvansyon an epi li dwe fini nan dat oswa anvan 30 jen 2027. DFG ka bay jiska tout montan lajan ki disponib la, men li gen dwa, si li vle, pou bay pi piti montan ak plis sibvansyon. DFG ka chwazi pou pa bay total finansman ki disponib pou kounye a pandan opòtinite sibvansyon sa a. Anplis, DFG gen dwa pou ogmante kantite sibvansyon yo, bay lòt prim finansman, oswa lanse lòt tou finansman si gen lajan anplis oswa lajan ki pa t itilize ki vin disponib pou pwogram sa a. Tout sibvansyon yo depann de disponiblite fon yo.
- F. EGZIJANS BIDJÈ:** Aplikan yo dwe soumèt yon bidjè pwopoze pou aktivite ki finanse pa sibvansyon an lè yo itilize fòmiljè bidjè yo bay la. Bidjè a dwe endike nan fason ki klè depans finanse pa sibvansyon yo pwopoze yo separeman ak lòt depans yo. Si yon Kandida ap pwopoze yon Sou-Benefisyè, Kandida a oblije idantifye antite a epi mete detay sou dimansyon pwojè a ak bidjè a. Yon Sou-Benefisyè se nenpòt antite ki resevwa finansman sibvansyon deziyen, oswa sou-prim, nan men yon Benefisyè pou ede nan reyalize objektif piblik ki defini nan yon sibvansyon. Sou-benefisyè apwouve yo dwe antre nan Fòm Kontra Estanda Commonwealth la ak Dimansyon Travay la.
- G. PWOJÈ KI KALIFYE:** Pwojè ki kalifye yo gen ladan pwojè kapital oswa amelyorasyon ki tonbe anba youn oswa plis nan kat Objektif yo epi yo ka gen ladan, men yo pa limite ak, evalyasyon biyodivèsite ak aplikasyon ki gen rapò ak sa (pa egzanp, sondaj sou espès; suiv espès migratè ak planifikasyon koridò abita ki asosye); konsepsyon ak enstalasyon pwojè rediksyon oswa atenyasyon polisyon limyè (sa vle di, ekleraj deyò ki minimize polisyon limyè); konsepsyon ak enstalasyon jaden polinizatè (pa egzanp, acha grenn, enstalasyon estasyon awozaj); konsepsyon, planifikasyon, pèmi, ak aplikasyon pwojè amelyorasyon/restorasyon abita sou ti echèl (pa egzanp, netwayaj rivyè ak enstalasyon baraj fatra; retire ekipman lapèch

abandone); konsepsyon ak konstriksyon ekspozisyon mize ki sipòte biyodivèsite Massachusetts; materyèl edikatif dirab ki gen rapò ak biyodivèsite. Pwojè ki kalifye yo dwe presize kijan lajan yo pral itilize pou aplikasyon Objektif Biyodivèsite yo.

PA KALIFYE: Taks sou lavant; anplwaye; depans jeneral; depans endirèk; acha tè; manje/bwason; Mayo oswa rad mak, eksepte ekipman espesifik tankou pantalon pou mare ki pral itilize ane aprè ane; lòt acha ki efemè tankou jounal oswa kreyon; ak materyèl konstriksyon ki pa dirèkteman gen rapò ak biyodivèsite pa depans ki kalifye. Pwojè ki santre sou espès ki pa natif natal, tankou myèl oswa pye bwa bich Ewopeyen, pa kalifye.

- H. KORESPONDANS:** Pa gen okenn korespondans espesifik ki nesèsè pou finansman sa a; men, yo ankouraje korespondans an espès ak lajan kach.
- I. KARAKTERISTIK KOMINOTE A:** DFG angaje l pou l fè pwomosyon divèsite, ekite, ak aksè ak lanati atravè investisman piblik li yo. Pou rezon sa a, pwogram sibvansyon ak finansman DFG yo gen ladan yo kritè ak paramèt evalyasyon ki ede dekri karakteristik kominote yo, tankou divèsite, revni, ak aksè ak lanati ansanm ak resous biyodivèsite. Y ap bay preferans pou pwojè ki detaye karakteristik kominote imen ak ekolojik yo, tankou kijan yo gen rapò ak biyodivèsite.
- J. FINANSMAN AK PÈMAN:** Sa a se yon pwogram sibvansyon pou ranbousman depans. Ranbousman yo ap baze sou prèv depans reyèl yo. Ranbousman an dwe sèlman pou depans ki rive jis nan montan sibvansyon apwouve a, epi an akò ak bidjè pwojè apwouve a. Moun ki resevwa sibvansyon yo dwe peye depans yo epi soumèt demann ranbousman. Demann ranbousman yo dwe gen ladan fakti/resi ak prèv pèman. Demann ranbousman yo ka chak mwa oswa chak de mwa.
- Tout lajan sibvansyon yo dwe itilize pou aktivite ki kalifye an akò ak bidjè sibvansyon apwouve a. Pèman sibvansyon yo ap fèt sèlman jiska montan sibvansyon apwouve a oswa montan depans reyèl ki apwouve a, dapre sa ki pi piti a. Anplwaye pa kalifye, epi gade pwen "G" pi wo a pou jwenn lòt depans ki pa kalifye. Tout kontra yo dwe anba finansman ki disponib, kit se atravè apwopriyasyon ak otorizasyon ase lajan oswa resi ase revni. Si finansman ki disponib la sispann pou nenpòt ki rezon, yon kontra dwe konsidere kòm an sispansyon epi egzekisyon kontra a dwe sispann. Yon kontraktè p ap gen dwa resevwa konpansasyon pou okenn pèfòmans li bay pandan peryòd sispansyon kontra a. DFG ka leve sispansyon an si li resevwa finansman ki disponib. Si pa gen finansman ki disponib ki previzib, DFG ka mete fen nan kontra a.
- DFG rezève dwa pou entegre rapò, dokiman, faktirasyon, oswa egzijans vizit sou sit siplemantè oswa pi espesifik, nan nenpòt kontra oswa nan nenpòt travay ki egzekite pou sipòte yon sibvansyon ki bay atravè pwogram sa a.
- Pèman yo trete nan yon sik pèman 45 jou atravè EFT, an akò ak Règleman Pèman Fakti Commonwealth la. Ranbousman sibvansyon an ap fèt lè yo sèvi ak Transfè Fon Elektwonik (EFT). Fakti final ane fiskal yo dwe remèt 31 jiyè chak ane.

- K. DIRE TOTAL KI PREVWA POU SIBVANSYON AN (YO):** Dire sibvansyon an kòmanse lè kontra sibvansyon an siyen epi li fini 30 jen 2027. Tout depans pwojè apwouve yo dwe fin depanse anvan 30 jen 2027.
- L. LIVREZON SIBVANSYON AN:** Lè pwojè a fini, oswa lè yo soumèt dènye demann pèman an, tout benefisyè yo dwe soumèt yon rapò final ki rezime travay pwojè a, ki gen ladan lyen oswa kopi rezilta travay ki fèt pandan peryòd kontra a. Rapò a dwe gen ladan tou tout done yo kolekte, si se yon pwojè ki kolekte done, ki kòm yon anèks epi nan yon fòm elektwonik Depatman an espesifye, yon rapò depans final, ak yon rezime travay siplemantè ki nesès pou fini pwojè a si travay rete aprè dat fen kontra a. Foto yo ta dwe ladan tou. DFG gen dwa pou mande lòt dokiman, enfòmasyon, oswa prèv ki montre travay la fini ak/oswa konfòmite ak pwogram nan. DFG gen dwa tou pou kenbe finansman an jiskaske li resevwa epi aksepte materyèl, enfòmasyon, oswa lòt prèv dokimantè satisfèzan ki montre travay la fini ak/oswa konfòmite ak pwogram nan. Demann final pou pèman ak rapò yo dwe rive nan 30 jou aprè kontra a fini.
- EGZIJANS BIDJÈ:** Kandida yo chwazi pou finansman dwe bay yon pwopozisyon bidjè ak yon rapò final ki gen ladan depans total yo (pa kategori) ak depans finanse pa sibvansyon an (pa kategori).
- M. PWOMOSYON AK SANSIBILIZASYON SIBVANSYON AN:** Benefisyè yo dwe mete DFG ak Logo Biyodivèsite a nan dokiman sansibilizasyon yo, tankou afich, materyèl edikatif, ak medya sosyal. Lè yo bay sibvansyon yo, DFG ap pibliye yon anons pou laprès ofisyèl epi bay yon twous zouti sansibilizasyon bay moun ki resevwa sibvansyon yo. Anplis, DFG ankouraje moun ki resevwa sibvansyon yo pou pibliye pwòp kominike laprès yo ak/oswa anons yo sou medya sosyal. Pandan tout dire pwojè a, DFG envite moun ki resevwa sibvansyon yo pou kontinye fè pwomosyon pou pwojè yo sou medya sosyal epi ankouraje kolaborasyon sou Instagram ak kont [@massachusettsbiodiversity](https://www.instagram.com/massachusettsbiodiversity) la. Aprè pwojè a fini, yo ankouraje moun ki resevwa sibvansyon yo pou pataje enpak yo ak laprès, patnè yo, ak medya sosyal.
- N. LWA AKIZAY KI APLIKAB:** Sibvansyon – MGL c. 7A, § 7; St. 1986 c. 206, § 17; 815 CMR 2.00.
- O. KONTAK:** Jennifer Ryan, Komisè Asistan, Depatman Lapèch ak Lachas Jennifer.Ryan@mass.gov.

2. ENFÒMASYON SOU APLIKASYON

- A. Dat limit aplikasyon an:** Aplikasyon yo dwe soumèt anvan 24 jen 2026, 11:59 PM LÈ LÈS.
- B. Enfòmasyon ki obligatwa:** Pou yo ka konsidere kandida yo pou yon sibvansyon, kandida yo dwe soumèt yon aplikasyon konplè ki: (1) gen ladan yon fich kouvèti aplikasyon konplè (Dokima A); (2) angaje yo pou konplete pwojè a nan dat oswa anvan 30 jen 2027; epi (3) satisfè kondisyon kalifikasyon yo.
- a. Aplikasyon yo dwe respekte tou Kritè Evalyasyon Pwojè a nan 10 paj oswa mwens: *Deskripsyon Pwojè a* (20 pwen); *Avantaj Pwojè a* (30 pwen); *Kalifikasyon Ekip Pwojè a ak Òganizasyon an* (20 pwen); *Bidjè ak Delè* (20 pwen); *Karakteristik Kominote a* (10 pwen). Moun ki resevwa sibvansyon kalifye yo chwazi pou finansman an dwe bay yon bidjè pwopoze ak yon rapò final ki gen ladan depans total yo (pa kategori) ak depans finanse pa sibvansyon an (pa kategori).

- b. Si pwojè yo pwopoze a ap fèt sou yon sit ki pa pou aplikan an oswa ki pa anba swen li, tanpri soumèt yon lèt pèmisyon pwopriyete tèt a. Pa egzanp, si:
 - i. pwojè a an patenarya ak yon vil, oswa yon komisyon konsèvasyon, oswa yon lòt antite ki posede tèt, tanpri soumèt lèt sipò ki soti nan antite sa yo.
 - ii. pwojè a ap fèt sou tèt yon ajans leta, pa egzanp Depatman Konsèvasyon ak Lwazi oswa MassWildlife, epi aplikan an pa soti nan ajans sa a (pa egzanp, yon Gwoup Zanmi oswa Eskout), tanpri soumèt yon lèt sipò ki soti nan men anplwaye ki apwopriye nan ajans leta sa a.
- c. Tanpri soumèt yon lis pèmi leta oswa lokal, si genyen, ak yon delè ki asosye ak pèmi sa yo si sa nesèsè pou pwojè yo pwopoze a.
- d. Tanpri soumèt yon kopi ekran yon kat topografik ak/oswa ayeryen sit pwojè yo pwopoze a, ansanm ak non vil oswa sit yo epi ki montre nenpòt zòn pwoteje, si sa nesèsè.

C. Soumèt Aplikasyon an: Kandida yo dwe soumèt aplikasyon an atravè [fòmilè anliy](https://www.mass.gov/forms/fy27-community-biodiversity-grants-program-application-form) lan anvan 24 jen 2026, 11:59 PM LÈ LÈS. Fòmilè anliy lan disponib isit la: <https://www.mass.gov/forms/fy27-community-biodiversity-grants-program-application-form>.

D. Okazyon pou Soumèt Kesyon Alekri: Kandida yo ka soumèt kesyon alekri atravè [fòmilè anliy](https://www.mass.gov/forms/fy27-community-biodiversity-grants-qa) lan anvan 29 me 2026, a 5:00 PM LÈ LÈS. Tout kesyon yo soumèt yo ak repons ofisyèl DFG yo ap afiche sou COMMBUYS anvan 5 jen 2026. Gade kalandriye sibvansyon ki anba a. Fòmilè kesyon an isit la: <https://www.mass.gov/forms/fy27-community-biodiversity-grants-qa>.

Tanpri note DFG pa kapab aksepte ni reponn kesyon sou kontni sibvansyon sa a aprè 29 me 2026, ki se dat limit pou soumèt kesyon yo.

E. Pwopriyete Ekipman oswa Lòt Resous yo Peye ak Fon Sibvansyon an: Ekipman oswa lòt resous yo peye ak fon sibvansyon an dwe pou benefisyè Sibvansyon an sèlman epi benefisyè a dwe kenbe yo, sof si gen yon lòt akò ki negosye ant DFG ak benefisyè a selon kontra sibvansyon an.

F. Konfòmite ak Lòt Egzijans Lejislatif, Regilasyon oswa Politik Eta oswa Federal ki Aplikab yo: Tout kandida potansyèl yo konnen lè yo soumèt yon aplikasyon, kandida a dakò pou l responsab konfòmite ak tout egzijans federal, eta oswa lokal pou pèmi, regilasyon, politik, gid oswa lòt egzijans nan ka yon aplikasyon reyisi. **Tanpri soumèt yon lis pèmi eta oswa lokal ki nesèsè yo ak dat yo prevwa pou yo resevwa pèmi sa yo ak aplikasyon w lan, si pèmi yo nesèsè. Si pa gen pèmi ki nesèsè, tanpri presize sa.**

3. ENSTRIKSYON POU SOUMET DEMANN NAN

A. Enfòmasyon obligatwa: Pou yo ka konsidere kandida yo pou yon sibvansyon, kandida yo dwe (1) soumèt yon fòmilè aplikasyon ak bidjè byen ranpli; (2) angaje yo pou yo fini pwojè a nan dat oswa anvan 30 jen 2027; epi (3) satisfè kondisyon kalifikasyon yo. Yo bezwen tou pèmisyon pwopriyete tèt a ak enfòmasyon sou pèmi ki enpòtan yo (gade pwèn **2B** pi wo a). Si pèmisyon pwopriyete tèt a pa entegre, kote sa nesèsè, yon aplikasyon pou pwojè ap

konsidere kòm enkonplè.

Aplikasyon yo dwe respekte tou Kritè Evalyasyon Pwojè a nan **10 paj oswa mwens**: *Deskripsyon Pwojè a (20 pwen)*; *Avantaj Pwojè a (30 pwen)*; *Kalifikasyon Ekip Pwojè a ak Òganizasyon an (20 pwen)*; *Bidjè ak Delè (20 pwen)*; *Karakteristik Kominote a (10 pwen)*.

Kritè Evalyasyon: Yon komite revizyon pral evalye pwopozisyon yo dapre kritè ki nan lis anba a - kandida yo dwe adrese chak kritè nan aplikasyon yo. Komite revizyon an gen dwa pou l rejte nenpòt oswa tout pwopozisyon yo.

- *Deskripsyon Pwojè a (20 pwen)*
 - i. Nan ki pwen pwojè a, jan yo dekri li a, satisfè Objektif ak Biyodivèsite yo? (10 pwen)
 - ii. Èske deskripsyon pwojè a gen ladan l travay pwojè a pwopoze yo, pèsonèl yo, ak rezilta yo vle pou pwojè a? Ki mezi yo pral itilize pou mezire yon rezilta siksè? (5 pwen)
 - iii. Èske deskripsyon pwojè a gen ladan l yon diskisyon sou livrezon yo, ki gen ladan l men ki pa limite ak yon rapò ki detaye kijan lajan yo asiyen ak rezilta pwojè a? (5 pwen)
- *Avantaj Pwojè a (30 pwen)*
 - i. Kijan aplikan an montre avantaj biyodivèsite ki soti nan pwojè a? Pou pwojè tankou jaden polinizatè, sa gen ladan kapasite òganizasyonèl pou kenbe sit la aprè peryòd sibvansyon an. (15 pwen)
 - ii. Kijan kandida a montre byen pwojè a pral ogmante konpreyansyon ak apresyasyon piblik sou divèsite biyolojik la? Kandida yo ta dwe mete enfòmasyon espesifik sou kantite vizitè oswa lòt enfòmasyon ki enpòtan. (15 pwen)
- *Kalifikasyon Ekip Pwojè a ak Òganizasyon an (20 pwen)*
 - i. Nan ki pwen kandida a montre kalifikasyon òganizasyon an pou reyalize travay yo pwopoze a? Èske kandida a montre yon bon repitasyon nan reyalize pwojè menm jan an? (10 pwen)
 - ii. Èske aplikan an montre yon estrikti gouvènans solid ak yon dosye responsablite fiskal? (10 pwen)
- *Bidjè ak Delè (20 pwen)*
 - i. Nan ki pwen aplikan an montre yon konpreyansyon reyalis sou depans pwojè a lè li bay yon bidjè ak estimasyon depans detaye ak kredib? (10 pwen)
 - ii. Pou travay ki pwopoze pou lavni, ki jan aplikan an byen dekri delè pou travay ki pwopoze a? Èske li montre travay la ka fini nan fen kontra a? (10 pwen)

- *Karakteristik Kominote a* (10 pwen)
 - i. Ki jan aplikan an byen dekri karakteristik kominote a epi kijan pwojè a amelyore aksè ak oswa konpreyansyon sou biyodivèsite? DFG pral itilize enfòmasyon ki soti nan Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman an, [Vizè Kat Jistis Anviwònman an](#), [MassDEP Deziyasyon Kominote Dezavantaje](#), [Gid Pwogram Vilnerabilite Minisipal Massachusetts pou zouti Rezilyans Ekitab ak Aksyonab \(GEAR\)](#), [Massachusetts BioMap](#), ak nenpòt lòt enfòmasyon konsènan karakteristik kominote a yo bay nan fòmilè aplikasyon an pou pran desizyon sa a.

A. Enstriksyon pou Ranpli ak Soumèt Aplikasyon an

Tout aplikan sibvansyon yo dwe soumèt aplikasyon konplè yo anvan 11:59 PM LÈ LÈS nan dat 24 jen 2026 epi mete yon paj kouvèti (Dokiman A), yon pwopozisyon pwojè konplè ki pa plis pase 10 paj, ak yon pwopozisyon bidjè (Dokiman B).

Aplikasyon yo resevwa aprè dat limit la ap rejte otomatikman. DFG gen dwa pou rejte nenpòt ak tout pwopozisyon oswa mande plis enfòmasyon, si sa nesesè.

B. Dokiman Sipleman tè ki Obligatwa

Si yo chwazi aplikan an pou yon sibvansyon, li dwe soumèt fòmilè sa yo pou konplete pwosesis kontra sibvansyon an. Ou ka jwenn fòmilè yo sou www.macomptroller.org/forms epi DFG fiscal ap bay yo.

- Fòmilè Kontra Estanda Commonwealth la ranpli epi siyen pa aplikan an.
- Tèm ak Kondisyon Commonwealth yo. Tèm ak Kondisyon sa yo enkòpore pa referans nan Fòm Kontra Estanda a, epi yo pa bezwen siyen separeman.
- Fòmilè enfòmasyon taks Commonwealth W-9 la ranpli epi siyen pa aplikan an ak nimewo DUNS ak ID Taks Federal la
- Fòmilè Lis Siyati Otorize Kontraktè a ranpli
- Fòmilè Transfè Fon Elektwonik (EFT)
- Dimansyon Travay la

Nou ankouraje aplikan yo pou yo revize fòmilè sa yo anvan yo soumèt yon aplikasyon.

4. KALANDRIYE ESTIME POU DEMANN/PRI SIBVANSYON

| EVÈNMAN | DAT | LÈ: |
|--|-----------------|------------|
| Dat Piblikasyon Aplikasyon Sibvansyon an <i>(pibliye sou COMMBUYS)</i> | 15 me 2026 | |
| Dat limit pou soumèt kesyon Ekri <i>(sou fòmilè anliy)</i> | 29 me 2026 | 5:00 p.m. |
| Piblikasyon Repons Ofisyèl pou Kesyon yo Soumèt yo <i>(pibliye sou COMMBUYS)</i> | 5 jen 2026 | |
| Okazyon pou Sibvansyon ak Dat Limit pou Amanman Aplikasyon <i>(si sa aplikab,</i> <i>dokiman ki ajou yo ap pibliye sou</i> <i>COMMBUYS)</i> | 12 jen 2026 | 5:00 p.m. |
| Dat limit pou soumèt pwopozisyon sibvansyon <i>(sou fòmilè anliy)</i> | 24 jen 2026 | 11:59 p.m. |
| Anons estime pou rezilta seleksyon/atribisyon sibvansyon yo <i>(pibliye sou COMMBUYS ak pa imèl)</i> | 15 septanm 2026 | |
| Dat kòmansman kontra estime a | 15 oktòb 2026 | |

DOKIMAN A

Pwogram Sibvansyon Biyodivèsite Kominotè Aplikasyon pou Pwogram Sibvansyon 2026 la

Apèsi: Depatman Lapèch ak Lachas Massachusetts ("DFG" oswa "Depatman an") ap chèche pwopozisyon sibvansyon nan men Antite Elijib yo pou rezon konsèvasyon biyodivèsite lokal, restorasyon, ak efò sansibilizasyon piblik la.

TANPRI RANPLI SEKSYON 1 AK 2 A EPI METE L AK APLIKASYON OU AN

Seksyon 1: Enfòmasyon Moun K ap Aplike a

Non Aplikan an: _____

Tit Pwojè a: _____

Kout deskripsyon sou pwojè a (<5 fraz)

Èske ou te aplike pou finansman pou pwojè sa a ane pase a? Wi _____ Non _____

Lajan yo mande: _____ Fon ki koresponn (pa obligatwa): _____

Non moun k ap ranpli fòmilè a: _____ Tit: _____

Adrès: _____

Telefòn: _____ Imèl: _____

Lè aplikan an koche kare sa a li konfime li otorize pou soumèt aplikasyon sibvansyon sa a nan non òganizasyon oswa antite ki mansyone anwo a.

Èske pèmisyon pwopriyete tè a nesese? Wi, ___ Non ___ Si Wi, lè Aplikan an koche kare sa a li konfime pèmisyon pwopriyete tè a te akòde epi dokimante nan aplikasyon an.

Seksyon 2: Kapasite pou reyalize pwojè pwopoze a

A. Kapasite pou Itilize Fon yo: Si yo ba li yon Sibvansyon pou Biyodivèsite Kominotè, moun ki resevwa sibvansyon an dwe kapab siyen yon kontra ak DFG nan espas 30 jou aprè yo fin bay sibvansyon an.

Lè li koche kare sa a Aplikan an rekonèt epi li dakò li kapab siyen kontra a epi egzekite pwojè a epi satisfè tout egzijans sibvansyon eta sa a.